Пщэдей Урысейм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№68 (24.350) • 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Урысейм и махуэм и щIыхькIэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм исхэм зэрехъуэхъур

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Урысейм и махуэмкIэ!

А махуэшхуэм зэкъуегъэувэ ди къэралым щыпсэу цIыху псори, ар мэхъу лъэхъэнэхэмрэ щIэблэхэмрэ зэпызыщIэ, тхэлъ хэкупсэ хабзэхэмрэ граждан жэуаплыныгъэмрэ, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ ди Хэкум дызэрыхуэпэжымрэ къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэ нэхъыщхьэ.

Нобэ дэ тщыщ дэтхэнэми гурэ псэкIэ зыхещIэ зы къэрал лъэщым и зы Iыхьэу дызэрыщытыр, ар мы зэманым зэрыт щытыкIэмкIи и къэкIуэнумкIи жэуап зэрихьри къыгуроIуэ. КъикIуа илъэс мин бжыгъэ тхыдэм кърихубыдэу ди Хэкум бгъэдэлъ быдагъэр зэкъым къызэрапщытар. Мис иджы аргуэру зыгуэрхэр хущIокъу Урысейм щыщыIэ зэпIэзэрытыныгъэр къагъэтIэсхъэну, абы дуней псом щиIэ мыхьэнэ иныр ягъэлъэхъшэну. Си фIэщ быдэу мэхъу ар зыми зэрыхузэфIэмыкIынур.

Иджырей зэпIэщIэувэныгъэми ди къэралыр къызэфIигъэщIэнукъым, игурэ и щхьэрэ зэтелъу ар ипэкIэ кIуэтэнущ, дуней псом щиIэ лъэщагъымрэ къыщыхуащI пщIэмрэ нэхъри щIигъэбыдэнущ. А Iуэхугъуэхэм лъабжьэ быдэ яхуохъу ди жылагъуэм и гупсысэр зым хуэунэтIауэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ псори, иджы хуэдэу зэи къэмыхъуауэ, зэкъуэту, зэрыIыгъыу зэрыщытыр, сыт хуэдэ къэхъукъащIэми хуэфэщэн жэуап еттыну дызэрыхьэзырыр. Дэ ипэжыпIэкIэ дропагэ ди Хэкум икIи ди фIэщ мэхъу абы къэкIуэну дахэ зэриIэр.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, мамыру, фефIакIуэу, Урысей къэралым ифI къызэрыкI фи Iуэху псори къывэхъулIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр зэраIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын***

**Атамановэ Иринэ Григорий и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и кабинетым и унафэщIым - дохутыр-рентгенологым;

***цIэ лъапIэхэр яфIэщын:***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Щоджэн Валерэ Анатолэ и къуэм** - «Аруан районым ЩэнхабзэмкIэ и унэ» щэнхабзэмкIэ муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм, хормейстерым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ»***

**Беккаев Хьисэ Назир и къуэм** - «КАВКАЗ.РФ» акционер обществэм и генеральнэ директорым и къуэдзэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономист»***

**Бекъул Хьэбас Мухьэмэд и къуэм** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и «Управление» кафедрэм и доцентым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м*
*№56-УГ*

# Балигъ гъащIэм и япэ лъэбакъуэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ къалэхэмрэ щыщу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа еджакIуэ 22-м Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр дыгъуасэ щратащ КъБР-м и Парламентым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ комитетым и Iэтащхьэ Къумал Заурбэч.

- Нобэ зэхуэтшэса ныбжьыщIэхэм я дэфтэр нэхъыщхьэр - Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр - идот. Ар гъащIэм уигу къыщинэж Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Апхуэдэуи мы Iуэхум и мыхьэнэр нэхъ ин ещI Урысейм и махуэр щагъэлъапIэм ар зэрытехуам. Илъэс 30-м щIигъуауэ ди къэралыр псэукIэщIэм техьауэ къогъуэгурыкIуэ икIи гъэ къэс и лъэщагъым хигъахъуэ зэпытщ, пщIэ иIэщ. Урысейм мыхьэнэшхуэ ирет шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъуным. Абы и цIыхуу ущытыныр узэрыпагэнщ. Сэ срогушхуэ нобэ паспортыр зэтт мыпхуэдэ щIалэгъуалэ зэрыдиIэм. Къыхэзгъэщыну сыхуейт фи хуитыныгъэхэм щыхьэт техъуэ дэфтэрыр къыфIэрыхьамэ, дяпэкIэ жэуаплыныгъэрэ къалэнрэ фхьын зэрыхуейр. Илъэс 14-р куэдкъым, ауэ куэд щыфхузэфIэкIын пIалъэм фынэсауи жыпIэ хъунущ. Зы цIыху Iущ гуэрым жиIэгъащ: «Жыг абрагъуэр хьэдзэ цIыкIум къокIыкIыф. БыдапIэм щIым зыщеIэт. Гъуэгуанэшхуэр зы лъэбакъуэм къыдокIуэ». Ди къэралым мы зэманым куэд щызэфIагъэкI щIалэгъуалэр егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, жылагъуэ Iуэхухэм щефIэкIуэным, я зэчийхэм хагъэхъуэным ехьэлIауэ. Балигъ гъащIэм хэфчэ япэ лъэбакъуэм мыхьэнэшхуэ иIэщи, сыщогугъ Iуэхугъуэшхуэхэм фи цIэр епха хъуну, нэхъыщхьэращи, хэкупсэ нэсхэр къыфхэкIыну. Гъуэгу пэж къыхэфхыну сынывохъуэхъу.



Къумал Заурбэч ныбжьыщIэхэм щехъуэхъум къыхигъэщащ къэкIуэнум зыщыгугъыр ахэр зэрыарар.

- Мыпхуэдэ дэфтэр къыщыпIэрыхьэкIэ уи гур мыпIейтейуэ къанэркъым, Iуэхур КъБР-м и Парламентым зэрыщекIуэкIыр къэплъытэмэ, абы пылъ жэуаплыныгъэр нэхъыбэжу зыхыбощIэ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къызэгъэпэщакIуэхэм. Мыдрейуэ си ныбжьхэм захуэзгъазэу яжесIэну сыхуейт къэрал лъэрызехьэм дыкъызэрыщалъхуам дригушхуэн зэрыхуейр, - жиIащ Май къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м и еджакIуэ Сэралъп Лианэ.

ЗэIущIэм и кIэм къызэхуэсахэм жаIащ Урысей Федерацэм и гимныр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Экономикэ • Тыгъэ лъапIэ

# ЯхузэфIэкI псомкIи зыщIагъакъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIадзэжынущ гъущIхэкIхэм ящыщу нэхъ гъуэтыгъуей дыдэхэм хабжэ молибден, вольфрам, литий, бериллий хуэдэхэр щIы щIагъым къыщIэхыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм.**

УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Решетников Максим**, КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, «Кавказ. РФ» зэгухьэныгъэм (корпорацэм) и унафэщI **ТIымыжь Хьэсэн** сымэ, технологие лъагэм къыщагъэсэбэп продукцэр къыщIэгъэкIыныымкIэ, экспортым хуэгъэхьэзырынымкIэ «Ростех» къэрал корпорацэм и лIыкIуэхэр я гъусэу, тепсэлъыхьащ Тырныауз къалэм и Iэгъуэблагъэм зи гугъу тщIа гъущIхэкIхэм хуэдэхэр къыщыщIэзыхыу щыIа комбинатым и лэжьыгъэр егъэжьэжыным хуэгъэзауэ щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэм.

Решетников Максим къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ УФ-м и Президентымрэ и Правительствэмрэ зытепсэлъыхь проектым теухуауэ дэIэпыкъуныгъэ нэхъыщхьэу хагъэунэхукIахэр зыхуэдэм.

«ПредприятэщIэм зэрипхынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ. Иужьрейращ, зэрытщIэщи, зэрытыр Тырныауз къыщыщIах пщIийм къыдэхуэну концентратхэм щелэжьыжык гидрометаллург заводыр здэщыIэ Невинномысск къалэр. Ауэ щыхъукIи, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщыунэхужыну комбинатыщIэм и мыхьэнэр а Iуэхугъуэм нэхъри иIэтынущ. Абы къалитIыр зэрызэпищIэнум и мызакъуэу, щIыналъитIым я экономикэми зригъэужьынущ, лэжьакIуэщIэу къыщащтэнухэми я бжыгъэм хригъэгъэхъуэнущ, - къыхигъэщащ Решетников Максим.



Проектым и гъэзэщIэныр и пщэ далъхьащ «Ростех» къэрал корпорацэм хыхьэ «IуащхьэмахуэгъущIхэкI» («Эльбрусметалл») АО-м. Мы зэманым УФ-м и Правительствэм щыхоплъэ вольфрамымрэ молибденымрэ къыщIэзых-щелэжьыж предприятэхэм тралъхьэ налогыр гъэмэщIэн зэрыхуейм ехьэлIауэ къыхалъхьа жэрдэмым. А Iуэхугъуэр, зэрагугъэмкIэ, проектыщIэм хуабжьу хуэщхьэпэнущ, гъущIхэкIхэр зыщIэлъ гъуэжлау-бгъуэнщIагъхэр, текIуадэ щымыIэу, нэхъ езэгъырабгъуу къахутэнымкIи, къыщIахынум тралъхьэну уасэр ягъэмэщIэнымкIи. Мы зэманым ди къэралым вольфрамым щелэжьыж комбинатхэр здэщыIэр Приморскэ, Забайкальскэ, Хабаровскэ крайхэмрэ Бурят Республикэмрэ я закъуэщ. Молибденым дытепсэлъыхьмэ, Хакасие Республикэмрэ Забайкальскэ краймрэщ», - къыхигъэщащ Ростехым и лIыкIуэм, зэIущIа лIыщхьэхэр Тырныауз къалэ къыщызэIуахыжыну зыхуамурад комбинатым щыкIуам.

«Ди республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм пщIийхэкIхэр къыщыщIэхыным щыщIыдодзэж Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэм тету. Ауэ щыхъукIи, Тырныауз къалэ къыщыунэхуж комбинатыщIэр щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин дыдэ предприятэхэм ящыщ зыуэ. ЛэжьапIэщIэу щэ бжыгъэхэр къызэрыдитынум и мызакъуэу, абы республикэм и бюджетми хэпщIыкIыу хигъэхъуэнущ. Ди мурадщ мылъкушхуэ зыхалъхьэну проектыщIэр гъащIэм щыщ Iыхьэ хуэнымкIэ тхузэфIэкI псомкIи зыщIэдгъэкъуэну», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Зи гугъу тщIы зэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, проектыщIэм, псори зэхэту, сом мелард 55-м нэблагъэ халъхьэнущ. Абы и фIыгъэкIэ Тырныауз, Невыномысск къалэхэм лэжьапIэщIэу 900-м нэс къыщыунэхунущ. Производствэм ехьэлIа япэ «къудамэхэм» лэжьэн щIрагъэдзэнущ 2023 гъэм и кIэухым - 2024 гъэм и пэщIэдзэхэм ирихьэлIэу.

**АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.**



# ТекIуэныгъэм и маисэр къыхуагъэфащэ

**Мэкъуауэгъуэм и 9-м КIуэкIуэ Казбек хэтащ Мэзкуу щекIуэкIа «ТекIуэныгъэм и маисэ» дауэдапщэм. Тыгъэ лъапIэр зыхуэщIа щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хиубыдащ.**

ЩIЫХЬЫМ и хьэщIэщым щызэхэта зэIущIэр къыщызэIуихым, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ жиIащ: «Тыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща къалэдэсхэми, щIыналъэхэм я унафэщIхэми, абыхэм я лIыкIуэхэми, ветеранхэм гурэ псэкIэ сохъуэхъу мы дамыгъэм ифI кьекIыну, лIыхъужьыгъэ зезыхьа фи лъэпкъэгъу хахуэхэм захудогъэщхъ. Хэку зауэшхуэм и зэманым къэмыланджэу бийм пэщIэтахэм яхудиIэ фIыщIэр мыухыжыщ. Нобэ екIуэкI зауэ Iуэху щхьэхуэм хэту Донбассымрэ абы и хуитыныгъэмрэ, цIыхубэмрэ къэралымрэ зыхъумэхэми фIыщIэ псалъэкIэ захудогъэзэ. Шэч къытетхьэркъым дызэрыгушхуэ ди зауэлIхэр къызэримыкIуэтынум. ДощIэ абыхэм Дзэзешэ нэхъыщхьэм и унафэхэр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIэнур. ТекIуэныгъэр я IэпэгъурэIэ дазэрыщыгугъар къехъулIауэ я унэ къызэрекIуэлIэжынур».

Матвиенкэ къыхигъэщащ Урысейм и блэкIари, и нобэрей махуэри, и къэкIуэнури пхузэгуэмыхыну зэрызэпхар. «Нобэ фи къалэхэм здэфхьыну маисэхэр ныбжь псори зэрызэпыщIам и щыхьэту къэувынущ. Дызэрызэкъуэтым, ди япэ итахэми дэри ди Хэкур тхъумэн къалэн лъапIэр зэрытхьым и дамыгъэщ ар».

Налшык тыгъэ къыхуащIа ТекIуэныгъэм и маисэр къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз къыщIэщIалъхьащ Iэтауэ екIуэкIа дауэдапщэм.

Мэзкуу кIуахэм яхэтащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу Федерацэм и Советым бюджетымрэ сату IуэхухэмкIэ хэт, КъБР-м и УнафэщIым УФ-м и органхэмрэ Мэзкуу унафэщIхэмрэ ядэлэжьэнымкIэ и лIыкIуэ щхьэхуэ Губин Геннадий, Налшык щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, Налшык къалэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэщI Хочуев Алий сымэ.

Пшыхьыр иуха нэужь, КIуэкIуэ Казбек и телеграм каналым щытепсэлъыхьыжащ Налшык щыщхэм Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрахьа лIыгъэм.

«2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м Налшык къыфIащауэ щытащ «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэр. А фIэщыгъэ лъапIэр зэрахьэ Урысейм щыщу къалэ 45-м. АпхуэдэпщIэ Налшык къылъагъэсащ хахуэу, къимыкIуэту, зэрыIыгъыу Хэкум и хуитыныгъэм щIэбэнахэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм щхьэкIэ. Фигу къэзгъэкIыжынщ Къэбэрдей-Балъкъэр цIыхубэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм лIыгъэ къызэрымыкIуэ къызэрызыкъуихам, зауэм иужькIэ щIыналъэр зэфIэувэжыным халъхьа гуащIэм, абы и щэнхабзэмрэ и псэукIэмрэ зэрызэтрагъэувэжам щхьэкIэ. Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэр 1985 гъэм кърататауэ зэрыщытари. Хэку зауэшхуэм и зэманым къимыкIуэту бийм пэщIэта ди республикэр щIыналъэм зэрыхуэпэжымрэ абы щхьэкIэ и псэ зэремыблэжынумрэ я щыхьэт куэд къагъэлъэгъуащ ди цIыхухэм. ЩIыналъэм щыщ цIыхуи 100 Брест быдапIэм бийм и япэ удыным щыпэджэжахэм яхэтащ. Зауэм республикэм и быну мин 70-м щIигъу дэкIри, мин 40-м нэс зауэ губгъуэм къинауэ щытащ.

1942 гъэм и жэпуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым папщIэ зэхэуэ гуащIэ екIуэкIащ. УвыIэгъуэ имыIэу къалэм топышэхэр къытрагъэлъэлъэрт кхъухьлъатэ 70-м, танк 270-рэ бийм и сэлэт мин зыбжанэрэ къебгъэрыкIуэрт. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ 1943 гъэм щIышылэм и 3 пщIондэ Налшык бийм IэщIэлъащ. Нацистхэм яIэщIэкIуэдащ мамыр цIыхубэм ящыщ куэд. Налшык хуит къэзыщIыжар КавказщIыб дзэм хыхьэ Ипщэ гупым и 37-нэ армэрщ, КъБР-м щыщ партизанхэр я гъусэу.

Къалэр хуит зэрыхъужу, ар зэфIагъэувэжын щIадзат. Зэман кIэщIым лэжьэн яублэжащ IуэхущIапIэхэм, школхэм, сымаджэщхэм, гъущI гъуэгухэмрэ телефон кIапсэхэмрэ зэпащIэжащ. КъыкIэлъыкIуэ зэманми Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ТекIуэныгъэр къэблэгъэным. Налшык паркым сытым дежи цIобэ МафIэ мыужьыхыр, «Зауэ щIыхьым и къалэ» псалъэхэр зытетха мывэ фэеплъри абдеж щытщ. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым Хэкур зыхъумэжахэм зэрахьа лIыгъэр. ИугъащIэ текIуэныгъэр къэзыхьа лIыхъужьхэм!» - дыкъыщоджэ УнафэщIым и хъуэхъум.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Хуэфэщэн увыпIэфI еубыд

**Псоми гу лъыттауэ къыщIэкIынущ илъэс къэс гъэм и япэ Iыхьэр махуэшхуэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытым. Абыхэм Урысейм и махуэр зэрыхыхьэрэ куэд щIакъым, ауэ абы езым хуэфэщэн увыпIэ иубыдакIэщ. Иджы ар ди гуфIэгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуащ.**

И КЪЕЖЬАПIЭ хъуари 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм Урысейм и Къэрал суверенитетым теухуауэ къиищта декларацэрщ. А дэфтэрым политикэ парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэ псоми зэхуэдэ хуитыныгъэ яIэу игъэуват. Апхуэдэу къилъытэрт автоном республикэ, область, щIыналъэ псоми нэхъ хуитыныгъэ нэхъыбэ етын хуейуэ. КъищынэмыщIауэ, декларацэм щыжаIащ Конституцэр къэралым и Закон Нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Зы илъэс дэкIри, а махуэ дыдэм УФ-м тхыдэм щыяпэу зэIухауэ щекIуэкIащ япэ президент хэхыныгъэхэр. Абыхэм щытекIуат хэхакIуэхэм я процент 57,3-м Iэ зыхуаIэта Ельцин Борис.

А зэманым Декларацэр къыщащта мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысей Федерацэр хамэ унафэ къыщыщIэкIа махуэу щытт. Абы мыгурыIуэгъуэ хэлът. ЦIыхухэр щIэупщIэрт: хэт зи унафэ дыщIэтар? Жэуап ягъуэтыртэкъым.

1993 гъэм Ельциным Совет Нэхъыщхьэр зэбгрихуа иужь, абы къищта унафэ псоми къару ямыIэж хъуащ. Арати, 1994 гъэм Ельцин Борис мэкъуауэгъуэм и 12-р къэрал гуфIэгъуэу щIэрыщIэу игъэувыжащ. Абы къыкIэлъхьэри, 1998 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м иджы дгъэлъапIэ гуфIэгъуэр Урысейм и махуэ хъуащ. Ауэ а цIэр щIэзыгъэбыдар Урысейм и Лэжьыгъэ кодексырщ - абы щыубзыхуат къэралыщIэм и гуфIэгъуэ махуэ псори.

УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыжиIащи, Къэрал суверенитетым теухуа декларацэрщ Урысейм и тхыдэщIэр къызэIузыхар: «А дэфтэрырщ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ законыр япэ игъэщыныымрэ зи лъабжьэ демократие къэралым гъуэгу езытар. Абы и купщIэ нэхъыщхьэр цIыхухэм ехъулIэныгъэ яIэнырщ, ахэр хуэщIауэ икIи ефIакIуэу псэунырщ».

Мы махуэм егъэщIылIащ Iуэху куэд: концертхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, Президент Кремлым къэрал саугъэтхэр еджагъэшхуэхэм, тхакIуэхэм, артистхэм щарет. ЩIыналъэ къэс нэгузыужь зэхуэсхэр икIи щIэщыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

КъБР-м и Парламентым • Махуэгъэпс



# НэхъыфIхэр ягъэгушхуэ

**Урысейм и махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэр.**

- ЗЭРЫФЩIЭЩИ, Урысейм и махуэр ди зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэщ, къэралым и къэкIуэнумкIэ жэуап зэрытхьыр зыхыдзэзыгъащIэщ. Абы къыхэкIыу къыхэзгъэщыну сыхуейт нобэрей зэIущIэр махуэшхуэм зэрырихьэлIам мыхьэнэ зэриIэр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. - Дауи, иджыпсту зэман тыншкъым дызыхэпсэукIыр икIи лъэпощхьэпо щыIэхэр къызэрызэднэкIыфым елъытауэ щытынущ дунейпсо тхыдэр зыхуэдэнур. Апхуэдэ лъэхъэнэхэм деж дэтхэнэ зыми, шэч хэмылъу, нэхъ зыхыдощIэ дызэгурыIуэу хэкум хуэщхьэпэн Iуэхухэр зэредгъэкIуэкIыпхъэр. Абы дызэрыхуэпэжыр наIуэ къищIу къызолъытэ, псалъэм папщIэ, КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр еттыну къедгъэблэгъахэр я лэжьыгъэм псэемыблэжу зэрыбгъэдэтми. Нобэ зэхуэтшэсащ, къапщтэмэ, республикэм и IэнатIэ псоми щылажьэ, ехъулIэныгъэфIхэр къыщызыгъэлъагъуэ цIыхухэр. Шэч къытесхьэркъым дэтхэнэми жэуаплыныгъэ зэрыфхэлъымрэ зэфIэкI зэрывиIэмрэ. ЩIыналъэр, къэралыр егъэфIэкIуэным фыпэрытщ фи зэманрэ къарурэ фыщымысхьу, гурэ псэкIэ. Фэ махуэ къэс вгъэзащIэ къалэнхэрщ цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI, шынагъуэншэ, гъэщIэгъуэн зыщIыр. Аращ фи Iуэхум пашэ фыщызыщIыр икIи сыщогугъ фи ехъулIэныгъэхэр адрейхэми щапхъэ яхуэхъуну. Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, зэIузэпэщу, бэIутIэIуншэу фыпсэуну.

Къыхэгъэщыпхъэщ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр КъБР-м и Парламентым и V, VI зэхуэсхэм я депутату щыта, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №2-м и унафэщI **Пешковэ Людмилэ** зэрыхуагъэфэщар. Апхэуэдэуи УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Аппаратым и ЩIыхь тхылъыр иратащ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым хъыбарегъащIэ-технологие IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Мэкъуауэ ФатIимэ**.

КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ республикэм узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ Iуэхухэм, экономикэм, шынагъуэншагъэм епха и IэнатIэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ и центрхэмрэ я IэщIагъэлIхэм.

Гуапэ зэрыхъущи, ягъэпажахэм яхэтщ ди лэжьэгъухэри. Журналистикэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым папщIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым «ХъыбарыщIэхэр» и программэм елэжь редакцэм и редактор нэхъыщхьэ **Хъуэст Алим**. Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр иратащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор **НэщIэпыджэ Замирэ** *(сурэтым)*, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент **Васинэ Вероникэ**, «Заман» газетым и редактор **Таппасхановэ Аминат**.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэхэм ядоIэпыкъу

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат иригъэкIуэкIащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием къулыкъу щезыхьэкIхэм ящыщу Донецк, Луганск цIыхубэ республикэ-хэм, Украинэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэ щхьэхуэм хэтхэм я унагъуэхэм зэрызэщIагъэкъуэным щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**



ЛЭЖЬАКIУЭ гупым я зэIущIэм хэтащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий, щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр, Урысей гвардием и лIыкIуэхэр. Хъубийм игъэбелджылащ лэжьакIуэ гупым и къалэн нэхъыщхьэхэр икIи Iуэхум къегъэбыдылIа министерствэхэмрэ щIыпIэ администрацэхэм я къулыкъущIэхэмрэ захуигъазэу жиIащ дзэм къулыкъущызыщIэхэм я унагъуэхэм я псэукIэм гулъытэ хэха хуэщIын, и чэзум ядэIэпыкъун, а Iуэхум зэпымычу я нэIэ тетын зэрыхуейр.

# Фысакъыну фыкъыхудоджэ

КъБР-м и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу дызыхуэкIэ махуэшхуэмкIэ - Урысейм и махуэмкIэ - икIи къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, сакъыну, терророрым пэIэщIэнымкIэ Iэмалхэм тетыну:

- къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэзышэн, шынагъуэ къызрикIуэнкIэ хъун фымылэжь;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;
- шэч къызытефхьэ хьэпшыпхэмрэ автомашинэхэмрэ фрихьэлIэмэ, апхуэдэуи ялэжьынкIэ хъуну терактхэм, къагъауэ пкъыгъуэрэ Iэщэрэ цIыхухэм зэраIыгъым, щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зэрамурадым, абы пыщIахэм ятеухуа хъыбар къафщIэмэ, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм икIэщIыпIэкIэ яIэрывгъэхьэ:
- хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхыхьэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэзыгъэпэщхэмрэ къагъэувхэр уэим фымыщI.

Фэ къывбгъэдэкI дэтхэнэ зы хъыбарри зэпкърыхауэ къапщытэнущ, хабзэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа Iэмал псори къагъэсэбэпынущ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр шэсыпIэ йохьэ шэч уэзыгъэщI хъыбархэр къызыбгъэдэкIхэр хэтми ябзыщIыну, къищынэмыщIауэ, ялэжьыну ягъэхьэзыр щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудынымкIэ сэбэп хъуа, абыкIэ куэдым я гъащIэр къезыгъэла, цIыху сакъхэм фIыщIэ яхуещI.

Фыздэпсэлъэну «линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;
- УФ-м и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр частым - 40-49-10; 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- УФ-м СледствиемкIэ и комитету КъБР-м щыIэм СледствиемкIэ и управленэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

# Фрагъэблагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ди щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ ирегъэблагъэ Урысейм и махуэр (мэкъуауэгъуэм и 12-м) ирагъэлъапIэу ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум и деж щекIуэкIыну концертым. Абы хэтынущ КъБР-м и артистхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэхэмрэ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 15-рщ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я утыкухэм, уэрамхэм щекIуэкIынущ Урысейм и махуэм теухуа зэхыхьэ гуапэхэр, концертхэр. Библиотекэ къэси щызэхашэнущ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр, Iуэхум ехьэлIа зэIущIэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мэкъуауэгъуэм и 12-м щыIэнухэм нэхъ зыубгъуауэ зыщызыгъэгъуэзэну хуейхэм къэвгъэсэбэп хъунущ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и сайтым и «Афишэ» Iыхьэр (https://mk.kbr.ru/info/afisha/).

Урысейм и махуэр е Урысейм и къэрал суверенитетым и декларацэр къыщащтам и махуэр (2002 гъэ хъуху махуэшхуэм зэреджэу щытар апхуэдэущ) къэрал махуэшхуэ нэхъ щIалэ дыдэхэм ящыщщ. Иджыпсту къапщтэмэ, ар щхьэхуитыныгъэм, мамырыгъэм, хабзэмрэ захуагъэмрэ и лъабжьэу, цIыхухэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъыным и нэщэнэщ. А махуэшхуэр лъэпкъхэр зэкъуэувэным, Хэкум и нобэрей махуэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ псоми жэуаплыныгъэ ди пщэ къызэрыдэхуэм и дамыгъэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

**Мэкъуауэгъуэм и 11, *щэбэт***

✦**1939 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДыщэкI ФатIимэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 12, *тхьэмахуэ***

✦**Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

✦**Сабийхэр ягъэлажьэу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

✦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Зеикъуэ къуажэм къагъэIэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

✦**1939 гъэм** къалъхуащ драматург, АР-м и цIыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мурат Чапай**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 13, *блыщхьэ***

✦**1936 гъэм** Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

✦**1946 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис**.

✦**1950 гъэм** къалъхуащ искусствоведенэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-мрэ Тыркумэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ я академик **Абыкъу ФатIимэ**.

✦**1951 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, ветеринар щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Аргун МуIэед**.

✦**1970 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакIуэ Заурбэч**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 14, *гъубж***

✦**Лъы зытым и дунейпсо махуэщ**

✦**УФ-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ и къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

✦**1936 гъэм** КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

✦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург, егъэджакIуэ **ЛIыхэс Мухьдин**.

✦**1964 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист **Хьэщыкъуей Олег**.

✦**1971 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Беллэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.**

ЗэIущIэхэр • Къэмыгупсыса хъыбар

# Кинофестивалыр къызэIуах

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэкъуауэгъуэм и 8-м къыщызэIуахащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - илъэси 100» ебланэ дунейпсо кинофестивалыр, республикэм и къэралыгъуэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум траухуар. Зэхыхьэр УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу ирагъэкIуэкI.**

ЗЭХЫХЬЭР гукъинэжу къызэIуахащ. Ар ирагъэкIуэкIащ фестивалым и художественнэ унафэщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, продюсер, артист, сценарист, киновед Новожилов Сергей, Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал лъэпкъ драмэ театрхэм я актрисэхэу Къуэшокъуэ Регинэрэ Гуртуевэ Лейлэрэ. Музыкэ театрым и пэIущIэ пэшым и алэрыбгъу плъыжь лъагъуэм техьащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ театрымрэ киномкIэ я артистхэр. Апхуэдэхэщ КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым, Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал лъэпкъ драмэ театрхэм я артистхэр, УФ-м и цIыхубэ артистхэу Чернов Юрэрэ Пашутин Александррэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сташенкэ Оксанэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм Iэгуауэ ин хуаIэтащ Молдовэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ, «Табор уходит в небо» фильм цIэрыIуэм Радэ и ролыр щызыгъэзэщIа актрисэ Томэ Светланэ. Музтеатрым и утыкум абы тыгъэ щыхуащIащ IэкIэ ягъэхьэзыра шылэхъар дахэ.

- ФIыщIэ фхузощI! Тхьэмахуэ зыбжанэ хъуауэ гукъыдэжыншэу сыщытами, нобэ дэрэжэгъуэ сиIэщи, сынасыпыфIэу зызолъытэж! Фи бзылъхугъэхэр щэныфIэщ, зэкIужщ, цIыхухъухэр гуапэщ, - жиIащ Томэ Светланэ.

Зэраубзыхуам тету, фестивалым и программэм хыхьэу, къэралитхум (Урысейм, Армением, Беларусым, Къыргъызым, Къэзахъстаным) я режиссёрхэм траха художественнэ фильм пщыкIутI къагъэлъэгъуэнущ.





Зэхуэсхэм хэтынухэмрэ абыхэм зыкъэрезыгъэхьэлIэнухэмрэ Iэмал яIэщ урыс, дунейпсо кинофестивалхэм щагъэлъэгъуа, саугъэт нэхъыщхьэхэр къыщызыхьа фильмхэм еплъыну. Апхуэдэхэщ «Дорога в Эдэм», «Мишень», «Тыгын Дархан», «Клоун - это я» фильмхэр, документхэр зи лъабжьэ «История советского плаката. История спонтанного потребления», «Уходящая натура. Портрет режиссёра Ахадова» фильмхэр.

- Киногъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм IэмалыфI фиIэщ кинотеатрхэм иджыри щамыгъэлъэгъуа кино нэхъыфI пщIы бжыгъэхэм ди фестивалым фыщеплъыну, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Кинофестивалым зыкъэрезыгъэхьэлIахэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми, Урысейм и щIыпIэхэм къикIахэми сынывохъуэхъу насып, гуапагъэ, ехъулIэныгъэ фиIэну!



Фестивалым художественнэ фильмхэм къадэкIуэу концерт-хэр, пшыхьхэр, актёр Iэзагъэм-кIэ мастер-классхэр къыщызэрагъэпэщынущ. Щэнхабзэ зэхыхьэ гуапэм хьэщIэ лъапIэу къытхуеблэгъащ театрымрэ киномрэ я актёрхэр, музыкантхэр, УФ-м и цIыхубэ артисткэ Немоляевэ Светланэ, Урысейм щIыхь зиIэ и артисткэ Мороз Дарье, Шацкая Нинэ, Суховей Светланэ, Семёновэ Екатеринэ, Набиев Ив, Мукенди Арсен, Бэрбэч Аскэр, Тодоров Сергей, Гладков Григорий, Лачинэ Иринэ, Алмазов Олег, Головушкин Михаил, Карташов Дмитрий, Ермак Дмитрий, Колосов Максим, Межулис Андрей, Адаменкэ Григорий, Шкляев Влад сымэ, нэгъуэщIхэри.

Кинофестивалыр мэкъуауэгъуэм и 12-м зэхуащIыжынущ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир 2018 гъэм Iэ щIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъур 2022 гъэм Iэтауэ зэрагъэлъэпIэнум теухуа унафэм. Абы ехьэлIа зэхыхьэ нэхъыщхьэхэр мы гъэм фокIадэм и пэхэм ирагъэкIуэкIынущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# ПлIэ зэпрыдзыр зэкIупс, Зи IэрыкIри IэфIыпс

**ЖыпIэнурамэ, фом и гугъу щыпщIкIэ, цIыхухэм абы хуаIэ щытыкIэр зэхуэдэкъым: нэхъыбэм яфIэфIыпсщ Iэпэлъапэр зэкIэрызышхэ а шхыныгъуэ IэфIыр, къэуатышхуэ зыщIэлъыр, узыфэ куэдым я хущхъуэ телъыджэр. Къэнэж мащIэм ар къафIэIуэхущэркъым, зэремызэгъым е зэрафIэмыфIым къыхэкIыу. АтIэми, а фор зыщI бжьэм ущытепсэлъыхькIэ, зызэхуэзымышэ гъуэтыгъуейщ: а псэущхьэ дахэ цIыкIум и шэрэзым и папцIагъыр, жанагъыр зымыгъэунэхуа куэд къытхэт къыщIэкIынкъым балигъхэм...**

БЖЬЭ къэпщIа къыщытхуэкIуа махуэр апхуэдэт: уэрамым гъущI хъаркIэ къыщыухъуреихьа, удз гъагъэхэмрэ жыг зэмылIэужьыгъуэ цIыкIухэмрэ зэрыт хадэ цIыкIум щыпсэун мурад яIэу къыщIэкIынт гужьеигъуэм хьэблэ сабийхэри балигъхэри дыхэзыдза псэущхьэ дахэкIейхэм.





Iуданэ дыщафэ зыхэухуэна пыIэ фIыцIэ хуэкIыхь фIэкIа умыщIэну, бжьэ къэпщIа гупышхуэм Iэрамэ ину зыпагъэзэгъат зэрыджейм и къудамэ щхъуантIэ лантIэ цIыкIухэм ящыщ зым. Щэхуу абыхэм якIэлъыплъ балигъхэми сабийхэми дымыгъэщIэгъуэн тлъэкIыртэкъым псэущхьэхэм я зэрыIыгъыкIэр. Зым и щIыбым адрейр ису узыIуплъэ бжьэхэм хабзэ гуэр зэрахэлъри нэрылъагъут: зыгуэрым и жыIэм фIэкIыпIэншэу зэредаIуэр гурыIуэгъуэт. «Шынэр и унэ кIуэжу» жаIэми, ар тщыгъупщауэ, атIэми, сакъыныгъэшхуэ тхэлъу, жыжьэу дыкъыщыту заулрэ дакIэлъыплъащ бжьэ къэпщIам. Бжьэцым къуацэкIэ уахэуэмэ, къикIынур тщIэрти, абыхэм зи гъунэгъущи захуэтщIыртэкъым.

«Интернетыр» упсэу - «дызэрыс» гупхэм дакъикъэкIэ щызэбгредгъэхащ къытхуэкIуа бжьэ къэпщIам и хъыбарыр, хуейIамэ, къащтэну, ди «хэхъуэр» тщхьэщахыну дылъаIуэу. Ар зыIэрыхьахэм ящыщу зыфIэгъэщIэгъуэнхэм хъыбарыр адэкIэ яутIыпщащ...

Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу дэ зыкъытпищIащ Налшык щыщ бжьахъуэ щIалэ гуэрым. Сыхьэт никъуэ хуэдэм и кIуэцIкIэ ар ди деж къэсащ икIи бжьэхэр гъэIэсэнымрэ къэубыдынымкIэ щыIэ Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, ахэр матэм иригъэзэгъэным иужь ихьащ.

Псы щIыIэ зытракIа «плIэ къуэлэн цIыкIухэр» зэкIэлъхьэужьу «къыпыщэщащ» зэрыджей къудамэм, яхэлъа жыджэрагъым щыщ гуэри къахэмынауэ. Бжьахъуэ щIалэр зыхуеиххэр арати, ахэр якIэщIигъэувакIэ бжьэ матэм сакъыу иригъэтIысхьэу хуежьащ, емыгуауэу, шыIэныгъэ хэлъу. Бжьэ хьэщIэхэр матэм изэгъэхукIэ, зы шеибжьи ефэну хунэсащ ар, къеувэкIа хьэблэ сабийхэр бжьэмрэ фомрэ ятеухуа хъыбар хьэлэмэтхэм щIигъэдэIуу. КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдизу псори дызыщышына а псэущхьэ цIыкIухэм ди гугъу лъэпкъ къащIынукъым, я Iуэху зедмыхуэмэ.

- Нэхъыбэрэ дэ дызрихьэлIэр бжьэ лэжьакIуэращи, абы и дежкIэ нэхъыщхьэр бжьэпщым пщэрылъ къыщищIа къалэныр нэсу игъэзэщIэнырщ: къэкIыгъэхэм я гъагъэхэм ящIэт IэфIыпсымрэ (нектар) шэжыгъэрэ (пыльца) нэхъыбэIуэу зэхуэхьэсынырщ, - жиIэрт абы. - Бжьэр игъэузу къоуэнущ, и лэжьыгъэр игъэзэщIэнымкIэ зэран ухуэхъуу къилъытэмэ. Апхуэдэущ абыхэм зэрызахъумэр.

Бжьэ къэпщIар Iэдэбу зэхуихьэса нэужь, бжьэ матэр машинэм иригъэувэжащ щIалэм. ИтIанэ сэлам гуапэкIэ дызэбгъэдэкIыжащ, Iуэхур зэрызэфIэкIа щIыкIэмкIэ лъэныкъуитIри зэхуэдэу дыарэзыуэ. Дэ дыгуфIэрт «плIэ зэпрыдз зыщыгъ цIыкIухэм» я шэрэзым и папцIагъыр сабийхэм къамыщIэ щIыкIэ ахэр тпэIэщIэ зэрыхъуам щхьэкIэ. Бжьэ къэпщIар хъер хуэхъуну дызыхуэхъуахъуэурэ едгъэжьэжа бжьахъуэ щIалэри нэщхъыфIэт, зэрымыщIэкIэ къыIэрыхьа хэхъуэм папщIэ.

«Ди дадэ и адэшхуэм игъэхъуу щыта бжьэхэм ящыщ къытхуэкIуэжами тщIэртэкъым...» - жаIэрт я дадэшхуэр бжьахъуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытам и хъыбарым щыгъуа зэ ди къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэми, бжьэ матэм имызагъэу къэна псэущхьэ дахэ цIыкIуитI-щым, плIэ зэпрыдзыр зэкIупсу зи IэрыкIри IэфIыпс бжьэ вухэм, якIэлъыплъурэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

КъБР-100





# Тхыдэм къыфIища цIэ уардэм хуэфащэу

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр Iупщ1у къызыхэщыжхэм ящыщщ Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ. 1955 гъэм и нобэ хуэдэ махуэм, мэкъуауэгъуэм и 10-м, къалэ статусыр иратауэ щытащ ди республикэм къэралыгъуэ игъуэтыным иджыри илъэс зыбжанэ иIэу зи лъабжьэр ягъэтIылъауэ щыта Докшукинэ посёлкэм. «Нарткъалэ» цIэ уардэр зыгъуэта жылэр занщIэу теуват зыужьыныгъэм и гъуэгу мытыншым - цIыху гъащIэхэр, щыщIэныгъэхэр, гугъуехьхэр зыпыщIам, ауэ зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ уахуэзышэм.**





ЗИ НЫБЖЬЫР илъэси 110-м нэблэгъа Нарткъалэ къикIуа гъуэгуанэри гъэнщIащ лэжьыгъэфIхэмкIэ, текIуэныгъэ инхэмкIэ, абы и тхыдэм Iупщ1у хыболъагъукI къалэм игъуэта зыузэщIыныгъэм щыхьэт техъуэ IуэхугъуэфIхэр, ехъулIэныгъэ лъагэхэр, псом ящхьэращи, щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну цIыху гъащIэ купщIафIэхэр.

«Нартхэм я къалэкIэ» нобэ зэджэ жылэ Iумахуэм щIэдзапIэ хуэхъуар 1913 гъэм абы щаухуауэ щыта гъущI гъуэгу станцырщ. Налшыкрэ Котляревскэ станицэмрэ зэпызыщIэ а къэувыIэпIэм «Докшукино» цIэр игъуэтауэ щытащ нэхъ пэгъунэгъу дыдэу къыщылъ Дэхъущокъуэхэ я къуажэм (иджы Къэхъуным) зэреджэм ещхьу. ПсыпцIэм зэщIищта щIыпIэм мафIэгур къызэрыкIуэфыр тхьэмахуэм тIэу къудейрэт. ЩIыналъэ зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт «Докшукино» станцым. Абы и фIыгъэкIэ заубгъуащ ди республикэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ яку дэлъ сату зэпыщIэныгъэхэм, Налшыки хъуащ цIыху кIуапIэ, зыгъэпсэхупIэ.

Гъавэ бэв гъэкIынымкIэ нэхъапэми цIэрыIуэу щыта ди щIыналъэм сатуущIхэр къызэхуежат. Псом хуэмыдэу щIэупщIэшхуэ иIэт нартыхум, гуэдзым. Ахэр Урысейм и щIыпIэ жыжьэхэм нагъэсыфырт мафIэгухэмкIэ.

1920 гъэм станцым пэгъунэгъуу къыщызэIуахащ гъавэхэр здрашалIэ, ахэр мафIэгухэм илъхьэным щыхуагъэхьэзыр пункт. Жэщ-махуэ имыIэу лажьэ станцыр жэщым фэтыджэн уэздыгъэкIэ къагъэнэхурт, мафIэгухэр лъэпощхьэпоуншэу къытехьэн, къыщыувыIэн папщIэ.

Япэ илъэсхэм станцым и унафэщIу щытащ Еленовский Егор. Станцымрэ хъумапIэмрэ пэмыжыжьэу къыщащI псэупIэхэм щIэс унагъуэхэм я сабийхэр щеджэн папщIэ, станцым и унэм щыщ зы пэш а Iуэхум хухахыну Еленовскэм унафэ ищIауэ щытащ. Апхуэдэуи ящIащ. Станцымрэ хъумапIэ пунктымрэ щылажьэхэм я бынхэм дерс зэхуэмыдэхэр иратырт тхьэмахуэм тIэунейрэ Налшык къикI егъэджакIуэхэм.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 1921 гъэм ирихьэлIэу станцым и Iэшэлъашэм къыщыхъуащ жылэ цIыкIу, «Докшукино»-кIэ еджэу. Ар Къэхъун къуажэ Советым и унафэм щIагъэуващ щытащ.

Жылэм зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтар лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэрщ. Абы ирихьэлIэу щаухуакIэт гъавэ хъумапIэ хъарзынэ. «Посёлок» цIэр зыгъуэта а щIыпIэ цIыкIум и цIыхухэми къахэхъуэ зэпытт. Абы иджы щыпсэурт унагъуэ 35-рэ, цIыхуи 160-рэ хъууэ. А бжыгъэхэм адэкIи хэзыгъахъуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщт щIыпIэм спирт завод щаухуэу зэрыщыщIадзар. Ар зэфIэгъэувэным жыджэру хэтащ щIыналъэм, къэралым я щIалэгъуалэр, хамэ щIыпIэхэм къикIа IэщIагъэлIхэр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. А заводым и япэрей унафэщIу щытащ Iэщнокъуэ Iэмин, Рейнгард Андрей сымэ.

1932 гъэм дащIыхьащ щIыдагъэ хъумапIэ. Абы гъэсыныпхъэкIэ къызэригъэпэщырт Аруан, Совет (иджы Шэрэдж) куейхэм щыIэ IуэхущIапIэхэр, колхозхэр, совхозхэр. Жылэр зыхыхьэ районым и центрыр абы щыгъуэм здэщыIэр Старэ Шэрэджт. 1934 гъэм посёлкэм лажьэу щыщIидзащ пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм щелэжь комбинатым (иджырей консерв заводым).

Апхуэдэурэ, щIыпIэм промышленностым зыщиужьыху, зиузэщIащ жылэ цIыкIуми. IэнатIэщIэхэр къызэIуахыху, абыхэм щылажьэ цIыхухэми я бжыгъэм хэхъуэрт, псэупIэ унэщIэхэри щаухуэрт. 1935 гъэм ирихьэлIэу Докшукинэм иIэж хъуащ езым и жылэ Совет. Абы и япэрей унафэщIу щытащ Iэщын ЛIыхъу.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, посёлкэм къалафэ къытеуащ. Абы иIэт радио, телефон, и уэрамхэм уэздыгъэхэр къыщыблэрт. Щаухуат сымаджэщ, лъхуапIэ унэ, школ, клуб. 1939 гъэм Докшукинэм щыпсэурт цIыху мини 5-м щIигъу. БлэкIа илъэси 10-м къриубыдэу абы и цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуат хуэдэ 30-м щIигъукIэ. А лъэхъэнэм фIащауэ щытащ «къалэ теплъэ зиIэ посёлкэ» жиIэу.

Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI жылэм и мамыр гъащIэр къызэпиудащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм. Абы щыпсэухэм ящыщу фронтым кIуащ цIыху миным нэблагъэ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Докшукинэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыдащ. МазитIым щIигъукIэ бийр дэсащ жылэм. Абыхэм зэтракъутат связыр, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, заводхэмрэ гъущI гъуэгу вокзалымрэ къагъэуат. Псори зэхэту къапщтэмэ, бийм жылэм къыхуихьа хэщIыныгъэр сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ хъурт. 1943 гъэм и щIышылэм и 4-м жылэр хуит къащIыжауэ щытащ советыдзэм и зауэлIхэм. Нарткъалэдэсхэм ящыщ куэдым я псэр щIатащ ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къихьыным. Зауэм дэкIахэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар цIыху 417-рэ къудейт. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, лIыгъэ зэрахьэу абы хэтахэм я фэеплъ иужькIэ дащIыхьащ къалэкум. Зи дамэпкъ зэгъэкъуа щIалитIыр - урысымрэ адыгэмрэ - я дамыгъэщ Нарткъалэ щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ быдэм, зэгурыIуэныгъэм. Жылэр щытIысагъащIи илъэсищэ ныбжьым щынэсаи - абы щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэту дапщэщи хуолажьэ я лъахэм и ехъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм, зэIузэпэщыгъэм.

1944 гъэм накъыгъэм и 29-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Аруан куейм и центрыр Старэ Шэрэдж къыдахри, зыужьыныгъэфI зыгъуэта Докшукинэм къахьащ. Жылэм нэхъ псынщIэжу зиузэщIу хуежьащ. Абы нэхъыбэжу къыщызэIуахащ егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ, пощт, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр. Нэхъри зиужьащ промышленностым. Илъэс 11 дэкIри, 1955 гъэм, посёлкэр къалэ хъуауэ къалъытащ. Абы дэтт чырбыш завод, фэм щелэжь комбинат, цIыху 300 зэрыхуэ стадион, сабии 100 зэкIуалIэ сабий сад, куей сымаджэщ. 1967 гъэм жылэм игъуэтащ нобэрей и фIэщыгъэ дахэр - Нарткъалэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70-80 гъэхэм Нарткъалэ ухуэныгъэ инхэр щекIуэкIащ. Абы школыщIэхэр, сабий садхэр, хьэщIэщ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ унэр, «Телеавтоматика» заводыр дащIыхьащ, псэупIэ унэ дэгъуэхэр къыщыунэхуащ къалэм къыпагъэхъуа микрорайон цIыкIухэм; зыгъэпсэхупIэ паркым, къалэ гуэлым я лъабжьэхэр ягъэтIылъащ; кинотеатр, связымкIэ IуэхущIапIэ ин, нэчыхь щатх уардэунэ къызэIуахащ. А илъэсхэм Аруан куейм и унафэщIу щытащ иужькIэ ди республикэм и япэ Президент хъуа КIуэкIуэ Валерэ. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КIуэкIуэм зэфIиха Iуэху псори къытхуебжэкIынукъым, ауэ къыжыIапхъэщ ар куейм и тхьэмадэу щыщыта лъэхъэнэм илъэс къэс фэтэр 200 яухуэу зэрыщытар. Фэтэр 400 хъу апхуэдэ псэупIэ унэшхуэ зэратым къыхузэрагъэпэща дауэдапщэм кърихьэлIауэ щыта Мэлбахъуэ Тимборэ Нарткъалэ игъуэт зыужьыныгъэм апхуэдизу щыгуфIыкIати, гушыIауэ щытащ, ауэрэ екIуэкIмэ, ар республикэм и къалащхьэ хъуфыну.

90 гъэхэм, къэралым, республикэм я жылэ инхэми хуэдэу, Нарткъали зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэрал IуэхущIапIэхэм ящыщ куэд акционер зэгухьэныгъэхэм, уней мылъкухэм хуагъэкIуащ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум жыджэру зыщиужьащ.

МафIэгу къэувыIэпIэу, гъавэ зэхуэхьэсыпIэу къэунэхуа станц цIыкIур нобэ ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэм я жылэ нэхъ дахэ дыдэхэм, щхъуантIагъэр зи бэхэм ящыщщ. Гектар 943-рэ зыубыд къалэм щопсэу Аруан куейм цIыхуу исым я Iыхьэ щанэм щIигъур: мин 36-м нэс. ЗэгурыIуэу зэдопсэу адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, къуэщхьэхэри, тыркухэри, алыджхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа псори. Абы дэтщ промышленнэ IуэхущIапIэ ину 20-м щIигъу, курыт школи 6, сабий сад зыбжанэ, ухуакIуэ гуп щхьэхуэу 10-м нэс, транспортым, связым, энергетикэм я предприятэ инхэр, типографие, «Маяк» газетым и редакцэр, шхапIэ дэгъуэхэр, тыкуэн ехьэжьахэр, бизнес-центрыр, спорт, макъамэ школхэр, сабий джэгупIэ утыку цIыкIухэр, зыгъэпсэхупIэ паркхэр. ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэ технологие пэрытхэр шэщIауэ къыщагъэсэбэп «Агро+», «Стандарт-спирт», «Эрпак», «Винзавод», «Агрохимие», нэгъуэщI IуэхущIапIэ лъэрызехьэхэм. Къалэ дэлъэдапIэм щаухуа гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэр екIущ икIи дахэщ. Къалэ уэрамхэм тета светофорхэр иджырей мардэм къитIасэхэмкIэ зэрызэрахъуэкIрэ куэд щIакъым.

Нарткъалэ игъуэта зыужьыныгъэр зи фIыщIэр абы и цIыхухэрщ, и Iуэхухэр, и псэукIэр егъэфIэкIуэным псэ хьэлэлу хуэлэжьа, илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм район, къалэ унафэщIу щытахэрщ. А Iуэхухэм зи гуащIэ хьэлэл хэзылъхьахэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ, Ахъмэт Мусэбий, Къандэхъу Мухьэрбий, ГъукIапщэ Мухьэмэд, Хьэсанэ Хьэжмурид, Жамборэ Суфян, Щоджэн Мухьэмэд, Бозий Натбий, Ерчэн Темболэт, Балъкъыз Замир, Къудей Руслан, Джатэжьей Борис, Таймасхъан Адылбэч, Уэркъуасэ Анатолэ, Хьэмгъуокъу Леонид, Къанокъуэ Антемыркъан, Мер Владимир, Куэшей Азэмэт, Батий Исмэхьил сымэ, нэгъуэщIхэри.

Жылэ Iумахуэм и гъащIэр нобэ яунэтI Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ Ажий Валерэ, къалэм и унафэщI Бетыгъуэн Арсен сымэ, абы щыпсэу хэкупсэ цIыхухэм. И уэрамхэм я къабзагъэкIэ, унэхэм я теплъэ дахэмкIэ, щыпсэу цIыхухэм я нэгум кърих гуапагъэмкIэ адрей къалэ цIыкIухэм йофIэкI Нарткъалэ. Абы и щыхьэтщ къалэ цIыкIухэм я къэралпсо зэпеуэхэм ар мызэмытIэу пашэ зэрыщыхъуар.

Тхыдэм къыфIища цIэ уардэм - Нарткъалэ - хуэфащэу зэрыпсэуным дапщэщи хущIокъу къалэдэсхэр. ЕхъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм я гъуэгум тет жылэр илъэс минкIэрэ ущыIэну дынохъуэхъу, ди Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр нэхъри бгъэбыдэу, бгъэлъэщу!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

Фэеплъ

# Гугъэмрэ гъащIэмрэ щызэблэкIыр...

## (Анэшхуэм и псалъэ)

**Гъуэлъыжыгъуэми фIэкIауэ уафэр гъуэгъуащ, ихъуреягъыр къэлъэлъэжу фIэкIа къыпщимыгъэхъуу. Ар зыхуэсхьынур къысхуэмыщIэу сыздэджэрэзым, щыблэр къыкIэлъыуащ. Дунейм къэкъутэну зигъэхьэзырати, ар къызгурыIуэри, си IитIыр сIэтат, зэтесIыгъэну... Адрей псори къызэтенэри, сэ си дуней Iыхьэр кътэжащ, нэхъ лъапIэ дыдэу си гъащIэм хэтар здихьри.**

НАПIЭДЭХЬЕИГЪУЭ ипэкIэ си гум дыгъэ къыщепсырт. Зыгъэныкъуэн щыщIауэ аратэкъым, ауэ илъэс тIощIрэ зырэ ипэкIэ къысхукъуэкIа дыгъэм и бзийхэм хуабагъэкIэ щыз ящIати, гуныкъуэгъуэхэм лъэныкъуэ зрагъэзэри гъунэ гуэрым зыщаущэхуауэ, къызэрызэIащIэ щымыIэу къыздекIуэкIырт. А нэхугъэр си къуэрылъхурат, - си гугъапIэр, си плъапIэр, си гурылъри, пщэрылъхэри, къэкIуэным сыщызыгъэгугъ псори зэпха си щIалэ цIыкIур. Си губзыгъэр, набдзэгубдзаплъэр, щIэныгъэщIэкъур. Си щIалэ теплъафIэр, щхьэпэлъагэр, лэжьакIуэр, жьакIуэр. Си ШыпIытI. Гушыlэр зи щIасэ си Тамик.

Зыми хунэсакъым, псоми хэкIыжащ си сабийр, си гъащIэм и IэфIыпIэр, и псэхупIэр, и жьы Iурыхьэгъуэр. Жыг гъэгъам и пщIащэр жьы къыкъуэуам тыншу зэрыпихым хуэдэт и тхэкIыжыкIар. КъищIакъым апхуэдизу фIыуэ илъагъу гъащIэм зэрыхэджэлыкIыжыр. И гу пцIанэм хэлъ зы лъынтхуэ зэпытхьэлыкIа хъури, лэжьэн щигъэтащ - си гъащIэми купщIэр хэкIыжащ. МащIащэт...

КъысфIэIуэхуу, сригузавэу щыта куэдыр бэдж Iупсу аркъудейт, къызгурымыIуа щхьэкIэ. Иджы зы гуныкъуэгъуэщ сиIэжыр, зы гузэвэгъуэщ - си щIалэ цIыкIур зэрызимыIэжырщ.

УэтIпсытIщ, щIыIэщ, гъэкIуэгъуейщ ШыпIытI зыхэмытыж гъащIэр. Ауэ изохьэкI. «Сыт ухуэдэ?» «Хъунущ, сыIейкъым». Си хьэлъэр, си гуауэр, си гухэщIыр сохь, си псантхуэр зэпычами, си гум уIэгъэ телъми - а псом сызэхэзыщIыкIхэр имыгъэхыщIэным сыхущIокъу. ТхьэусыхэрейрфIыкъым, ауэ жызмыIэну слъэмыкIын хуэдизу къыстохьэлъэ: пщэдджыжь пшэплъи, махуэ дыгъэпси, пщыхьэщхьэ щIыIэтыIи, уэшхи, уэси, гурыщIэ дахи щыIэнущ, ауэ ар си сабийм зыхищIэжынукъым, илъагъужынукъым.

ЦIыкIунитIэт щыжиIэм: «Нанэ, уэшхым дегъэдаIуэ». ДыкъыщIэкIырти, дэкIуеипIэм дытест, си IэплIэм ису. Дыпсалъэртэкъым, дыдаIуэрт.

Уэрамым щежэх псыIэрышэм бгъэдэсхьащ, си Iэблэм тесу. Псым и шкIур макъым тIэкIурэ щIэдэIури къызэупщIащ: «Нанэ, мы псы цIыкIур сэра зыхуэгуфIэр?» Сабий Iущ, псоми гу лъызытэ, сытри зыгуригъэIуэну щIэупщIэ, зи гупсысэр нэгъэсауэ къэзыIуэтэф...

«Нанэ, даущым дыщIэгъэдэIу», - жиIэу лъахъшэу щетIысэхам, згъэщIэгъуат. Къысхудэплъеят, «къэтIыс уэри» жыхуиIэу.

Шэрхъ цIыкIуищ зыщIэт лъакъуэрыгъажэ къыхуащэхуауэ, и щIэщыгъуэ дыдэу уэрамыпэм къыщижыхьырт. Къоджэ: «Нанэ! Нанэ!» СыкъыщIэжащ. КъолъаIуэ: «Нанэ, си лъакъуэрыгъажэр схудыхьэж». «ТетIысхьи къыдыхьэж», - жызоIэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, куэбжэ дыхьэпIэм



хъумпIэцIэджхэр хунтхуу щызэхуэсати, абыхэм теувэну хуэмейуэ арат. Лъакъуэрыгъажэри езыри къэсIэтурэ къыщхьэпрысхащ.

Илъэсиплl хъуат. КъеджэкIэ зригъэщIэну лъаIуэрт. Сэ сфIэпасэти, селIалIэртэкъым. Зигъэгусащ: «Сэ псори сщIэну, псори къызгурыIуэну сыхуейщ, ауэ фэ зыри фыкъыздэIэпыкъуркъым!» И адэшхуэ къуэшым деж кIуащ: «Сэфарбий, Алыхьым щхьэкIэ къеджэкIэ сыгъащIэ!»

А зы махуэм есат зыгуэрхэр зэпигъэувэу, зэрыбкIэ итхыу. Сыту тхылъ куэди щIиджыкIат, сыту куэди игу ириубыдэрэт...

Илъэситхум итт си ШыпIыт. Зэгъусэу дыкIуэри губгъуэ джэдгын къэтщыпат. ДыкъэкIуэжри, жьауапIэм фIэздзэу згъэгъущын гуращэр сиIэу, я кIэр зэхуэдэу пызупщIащ. Ар зылъэгъуа си сабийм гъуэгыу щIидзащ: «Нанэ, а пщIар сыт?! Сыт удз цIыкIухэр щIыфIэбгъэжар! ФIыуэ услъагъужкъым!» И нэпсыр уэру къыщIэукIуриикIырт...

«Нанэ, зы хъыджэбз цIыкIу сигу ирохь. Си гум хыхьэу сигу ирохь...» Си ШыпIытI балигъ хъурт. КIуэтэху и упщIэхэри нэхъ мащIэт, иджы езым къигъуэтыжыфырт зыхуей жэуапхэр.

Зэи зыхимынар зыщ: и нанэм зыми зэрахимыгъэгъуащэм и нэщэнэ къилъыхъуэ зэпытт.

Си гъащIэр щыз зыщI сабийм хузиIа лъагъуныгъэр иджы хуэшу си Iэпкълъэпкъым къыхэнащи, сигъэтыншкъым, ауэ ар зэпхар нэхъ лъапIэ дыдэу сиIаращи, сыарэзыуэ сошэч. Сщигъэгъупщэркъым, си нэгу щIигъэкIыркъым. И нэ фIыцIэ къабзитIыр, сытым щыгъуи екIуу щIэща и щхьэц фIыцIэ пхъашэр, гуфIэу зэтежыну хьэзыр и Iупэ плъыжьыфэр, ириупцIэкIыу щIидз и IитIыр, сыбгъурыту сыщыкIуэкIэ, сыкIэлъыщIэмыхьэу бакъуэ и лъакъуэ кIыхьхэр... «Нанэ, мо, ину щхьэ умыбакъуэрэ?» ЩIодыхьэшхыкI...

СиIэщ нэгъуэщI къуэрылъхупхъурылъхухэр, псори си псэм егъафIэ, ауэ си ШыпIытI сыщхьэпрыплъыкIыфыртэкъым. Ар щыпэт, лъэпкъым и къупщхьэт, унагъуэцIэм и къэкIуэнт... «Уэр нэхъыфIу слъагъу сиIэкъым, ШыпIытI». «Япэ сэращ узылъагъур, нанэ».

Ажалыр хьэ щэхурыпхъуэщ. Ди гугъэм нэхърэ нэхъ гъунэгъущ. Хабзи, убзи, лъаIуи, Iулъхьи ищIэркъым. ИмыщIэххэр щысхьыращ.

И ныбжь нэмысу лъэпкъым иужь дыдэу хэкIыжар си Тамерлану Тхьэм жиIэ. И ныбжьэгъу цIыкIухэм, къыдеджа къыддэнэщхъеяхэм гъащIэшхуэ яIэу, насып ящIэлъу Тхьэм жиIэ. Ди гуауэр куэдым къыддаIэтащ, ныбжьэгъуи, лэжьэгъуи, къуажэгъуи, Iыхьлыи - ШыпIытI зэрытхэкIыжар гукъеуэ зыщыхъуахэр апхуэдэ гуауэм щихъумэну Алыхьым солъэIу. ФIыгъуэ Iэджэ щыIэщ, ауэ псом ящхьэр сабийхэращи, адэ-анэхэм, адэшхуэанэшхуэхэм сахуолъаIуэ бын нэщIэбжьэ ямылъагъуну.

Си щIалэ цIыкIур зытекIыжа дунейм хэкIыжыпакъым: унагъуэм исым ди гур, ди псэр и увыIэпIэщ, и теплъэ дахэр ди нэгу щIэтынущ. Илъэс тIощIрэ зырэ хъуным махуэ тIощI иIэжу арат. А ныбжьым къинащ си Тамик...

**ХЬЭЦIЫКIУ Рае.**

Гъэлъэгъуэныгъэ

# Дахагъэмрэ IэщIагъэмрэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым архитектурэм, ухуэныгъэмрэ дизайн хуэIухуэщIэхэмкIэ и къудамэм щеджэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ папщIэ дэрбзэр IэщIагъэр къыхэзыхахэм я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт иджыблагъэ щекIуэкIащ.**

ЩЫГЪЫН гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100, КъБКъУ-р илъэс 90, дизайн хуэIухуэщIэхэмкIэ колледжыр къызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, студентхэмрэ аспирантхэмрэ, еджапIэр къэзыухауэ щыта, нобэ IэнатIэ зиIэ IэщIагъэлIхэр, ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, щыгъыным епха IэщIагъэхэр фIыуэ зылъагъу, а дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм кIэлъыплъ дэтхэнэ зыри.

Зэхуэсым кърагъэблэгъащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэмкIэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Лесев Вадим. МахуэщIыр къызэIуихыну япэ псалъэр щратым, абы къыхигъэщащ щыгъын гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэгъэпэщыныр колледжым хабзэ дахэ зэрыхуэхъуар, абы кIуэ пэтми зэрызиубгъур, ар IэщIагъэм гури псэри езытхэм я утыкушхуэ зэрыхъур.

Абыи къищынэмыщIауэ, зи гуащIэрэ зэфIэкIкIэ лэжьыгъэм къыхэжаныкI, егъэджакIуэ зыбжанэм КъБКъУ-м къыбгъэдэкIыу Лесев Вадим фIыщIэ тхылъхэр яритащ, ахъшэ тыгъэкIэ яхуэупсащ.

Колледжым и унафэщI Къанло Алим псалъэр щратым, еджапIэр КъБКъУ-м и къудамэщIэхэм зэращыщыр, дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм къахэкIа Iуэхущ|апIэу зэрыщытыр къыхигъэщащ. «Ныбжьыщхуэ димыIэми, лэжьыгъэшхуэ къызэднэкIащ. Дэ дызэфIэувэн хуейт. Абы щхьэкIэ дызыхуеймрэ дызыхущIэкъумрэ нахуэу тщIэжу, ди лэжьыгъэр дэкIыу Iуэхур дгъэпсын хуейт. Си гугъэщ ар къыдэхъулIауэ. Нобэ дэ езым ди тхыдэ диIэжщ, хабзэ пыухыкIахэр къыддогъуэгурыкIуэ, къыдэкIуалIэ щIалэгъуалэр гупсысэщIэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ хузэIухауэ щытщи, дызытет дунейр нэхъ щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн, гуимыхуж, нэхъыщхьэращи, дахэ зэрытщIыным дыхэтщ. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр лэжьыгъэм пэщIэтхыркъым - ди ныбжьыщIэхэр зыхуедгъаджэ псори нэсу зэхащIыкIын, курыхыу хэплъэрэ купщIэр къыхаубыдыкIыфу щытын папщIэ, а зэджамкIэ къэхутэныгъэхэр идогъэкIуэкI, IэпэIэсэныгъэ къызыхах практикэ лэжьыгъэхэр къызыдогъэпэщ. Гупсысэр езыр шэ къэуэжым ещхьщ - гуащIэщ, къэлыдыгъуафIэщ. Ауэ ущызэгурыIуэм деж, сыт хуэдэ гугъуехьри къызыбонэкIыф. Ди колледжым щылажьи щеджи зы унагъуэм хуэдэщи, абы и лъэныкъуэкIэ ди кIэн къикIауэ жыпIэ хъунущ, тщIыхэри тщIэхэри къыщIыддэхъури абы хуэхьыпхъэщ. Хабзэ хъуауэ илъэсым и кIэхэм едгъэкIуэкI мы гъэлъэгъуэныгъэхэр сыт щыгъуи Iуэхугъуэ пыухыкIахэм тыдоухуэ. Согугъэ мыгъэрейми фыкъызэщIиIэтэну, щыгъын и IуэхукIэ фытезыгъэгушхуэн щапхъэрэ бзыпхъэрэ мымащIэу хэфлъэгъуэну. ФефIэкIуэну си гуапэщ!», - жиIащ Къанло Алим.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, кIыхьу яукъуэдия утыкум япэу къихьащ колледжым и япэ илъэсыр къэзыух еджакIуэхэр. Абыхэм я къалэным хыхьэрт махуэ къэс зэрахьэ хъуну плIэ, бостей, кIэ, гъуэншэдж зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэлъэгъуэну. Хъыджэбзхэм япэ дыдэу ягъэлъагъуэ я IэщIагъэхэр япэ илъэсым зрагъэгъуэта щIэныгъэм и Iэужьу щытыпхъэт. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтахэм къыхаха IэщIагъэм гурэ псэкIэ зэретар, я гъащIэр абы ирапхыну зэрыхуейр сыт и лъэныкъуэкIи къыхэщащ. Гу лъыптэт дэтхэнэ зы щыгъыныгъуэми ар зи Iэдакъэ щIэкIым и хъэтIыр хилъхьэну, и еплъыкIэр хиухуэнэну, зыми хэмыгъуащэ икIи а IэщIагъэр зейр къэзыгъэлъэгъуа нэщэнэхэр къытещу игъэпсыну зэрыхэтыр.

ХьэщIэхэм хьэлэмэт дыдэ къащыхъуащ Ахъий Камиллэ хъыджэбз ныбжьыщIэхэм папщIэ ищIа кIэ лIэужьыгъуэхэмрэ фэ IэрыщIым къыхэщIыкIауэ абыхэм ягуилъхьэжа Iэпхъуантэ цIыкIухэмрэ. Теплъэгъуэ зэрыIыгъым и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ абыкIэ махуэ къэс уэрамым укъытехьэ зэрыхъунур. ЩIэщыгъуэ дыдэт икIи зыми ещхьтэкъым Яли Ушар и Iэдакъэ къыщIэкIа щыгъынхэмрэ полимер ятIагъуэм къыхищIыкIыу абыхэм ягуилъхьэжа Iэпщэхъу, Iэлъын, тхьэгъу зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Мысрокъуэ Лаурэ гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIахэм яригъэлъэгъуащ и бостейхэмрэ щыгъэ хьэдзэхэм къыхэщIыкIа Iэпхъуантэ хьэлэмэтхэмрэ. Тюбеевэ Сабринэ цIыхухэм гукъинэж ящыхъуащ кIэ кIыхь зэмылIэужьыгъуэу утыку кърихьахэмкIэ.

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхубзхэм махуэ къэс зыщатIагъэ щыгъыныр Iэхуитлъэхуиту щытмэ нэхъ къащтэ. Абы къыхэкIыу спортым хуэщIа щыгъыныгъуэхэр цIыхубзхэм кIуэ пэтми нэхъ зрахьэлIэ, зыщатIагъэ хъуащ. Колледжым щеджэ ныбжьыщIэхэм ящыщу етIуанэ илъэсыр къэзыуххэм ар гупсы-сэ тегъэщIапIэ ящIри, иджырей дунейми езэгъыу, цIыхубзхэмкIи тыншу щытыну спорт щыгъын зэмылIэужьыгъуэхэр утыкум кърахьащ.

Колледжыр къэзыуххэм ягъэлъэгъуа щыгъынхэр унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэплъытэ хъунущ. Мыбыхэм яхэплъэгъуэнут классикэм щегъэжьауэ сафари, джинс, кэжуэл щыгъын хъэтIыщIэхэм щыщIэкIыж теплъэгъуэхэр. Я цIэ къудейм нэрылъагъу къыпщещI ныбжьыщIэхэм я къэухьыр зэрыубгъуар, куэдым я акъыл зэрынэсыр, зытелэжьыхь Iуэхугъуэм псэ халъхьэну зэрыхущIэкъур. Апхуэдэу гъэщIэгъуэн дыдэт Анаевэ ФатIимэ «Jentl hoom» зыфIища и классикэ щыгъын теплъэгъуэхэм деконструктивизм жыхуаIэм и пкъыгъуэхэр зэрыхигъэзэгъар, Бахъсэн Миланэ и «Узымыгъэзэш классикэм» хэлъ плъыфэ зэщIэжьыуэр, Бицу Каринэ кэжуэл хъэтIкIэ зэригъэпэща и «Silver moon» щыгъыныгъуэхэр, Куэшэр Амалие «The Amalia» зыфIища, романтизмэр зэбэкI нысашэ щыгъынхэр, Хьэмыз Алёнэ «Vamp» фIэщыгъэр зрита, псэлъыхъу унэтIыныгъэ зиIэ и щыгъынхэр, Мэремкъул Русалинэ «Nuage» («Пшэхэр») цIэ хьэлэмэтыр зрита щыгъын теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр, сыт хуэдэ зэманми екIу, дапщэщи щыптIагъэ хъуну ЩоджэнцIыкIу Лилэ ищIа «SAFARYTime» щыгъын зэрыIыгъхэр, Шыкъ Миланэ и «Dark as your soul» щыгъыныгъуэ зэрыIыгъым хэт бостей фIыцIэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щыгъын дунейм езым и плъыфэхэр иIэжщ, и щхьэхуэныгъэхэр бгъэдэлъыжщ, и гъуэгухэр унэтIыныгъэ куэдуи зэхокIыж. НыбжьыщIэхэм а псом хащIыкIыу лэжьыгъэр зэрагъэзащIэм уи фIэщ ящIырт дунейм къыщекIуэкI щыгъын гъэлъэгъуэкIэм хэлъ щэху псоми зэрыхуэIэрыхуэр, абы къыкIэрымыхуну иужь зэритыр.

Дауи, мыпхуэдиз дахагъэр щыIэнутэкъым, щIалэгъуалэм ядэлэжьа егъэджакIуэхэр мыхъуатэмэ. Апхуэдэу я цIэ къиIуапхъэщ дэрбзэр нэхъыщхьэ, «Адыгэ цIыхубз фащэм и дыкIэгъэпсыкIэр» дерсыр езыгъэкIуэкI **Блий Алинэ**, дэрбзэр нэхъыщхьэ, бзакIуэ-технолог, «Щыгъын лIэужьыгъуэщIэхэм я технологиер» дерсыр езыгъэкIуэкI **Къэшэж Елизаветэ**, щыгъын гъэдэхэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ IэщIагъэлI, сурэтыщI, графикэ IэрыщIым, бжыгъэрылъанэ технологиехэмрэ тхыпхъэщIыпхъэ къыхэхынымкIэ дерсхэр езыгъэкIуэкI **Цорионовэ Риммэ**, дизайнер, щыгъыным и бзыпхъэр сурэтым тещIыкIынымкIэ дерсхэр езыгъэкIуэкI Хьэжы Залинэ сымэ. Къыхэгъэщын хуейщ егъэджакIуэхэр псори компьютер программэхэм хуэIэзэу, абы къигъэув Iэмалхэр егъэджэныгъэми, дэкIэ-бзэкIэми къыщагъэсэбэпу зэрыщытыр. Абыхэм я фIыгъэщ ныбжьыщIэхэм щыгъын гъэхьэзырыным бжыгъэрылъанэ Iэмалхэр халъхьэф зэрыхъуар.

Щыгъын гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIа псоми зэIущIэр дахагъэмрэ IэщIагъэмрэ я махуэщIу къалъытат, апхуэдизкIэ гуимыхужт, узыIэпишэрт, уигъэхъуапсэрти. ЖыIэн хуейщ колледжыр къэзыуххэм дежкIэ щыгъын гъэлъэгъуэныгъэр къэрал гъэунэхуныгъэхэм езышалIэ япэ лъэбакъуэуи къызэрыщIэкIар. Дахагъэр зи Iэпэгъур дэнэ дежи къызэрыхэщынум, фIы и лъэныкъуэкIи къызэрыщылъэгъуэнум шэч къытетхьэркъым. Дэтхэнэ ныбжьыщIэми и гъуэгу гъащIэм щигъуэтыжыну, и IэнатIэм щыгуфIыкIыу ехъулIэныгъэхэр щызригъэгъуэтыну дохъуэхъу!



**ШУРДЫМ Динэ.**




# Махъшэ

Махъшэр пшахъуэщІхэм, щІыпІэ хуабэхэм щопсэу. Ар икъукІэ бэшэчщ, сабырщ, жыІэдаІуэщ. Махъшэм и лъакъуэхэр инщ. АбыкІэ тыншу ар пшахъуэщІым щызокІуэ. Махъшэм пшахъуэщІым къыщыкІ сыт хуэдэ удзри ешх. Махуэ зыбжанэкІэ псы емыфэми, псэуфынущ. Махъшэр хуабэвэхми щІыІэ уаеми щышынэркъым. Махъшэм шэ Іув къыщІокІ. Абы цы щабэ куэд къытрах. Махъшэм нэбжьыцу тІу иІэщи, жьы бзаджэ къепщэм нэр щахъумэ.



# ШхукІэ щІа лэкъум

Шху гуащІэм шыгъу, джэдыкІэ цІынэ, содэ, фошыгъу, сэхуран дагъэ халъхьэ, мафІэм трагъэувэри зэІащІэурэ и хуабагъыр градус 35-рэ хъуху трагъэт, содэмрэ фошыгъумрэ ягъэткІуху. Шху хуэбар гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІам хакІэри, тхьэв япщ, хъыдан трапхъуэри хуабапІэм щагъэтщ дакъикъэ 20 - 30-кІэ.

ИтІанэ Іэнэмрэ хупхъэмрэ сэхуран дагъэ щахуэ, тхьэвыр мм 3 - 4 и Іувагъыу хупхъэкІэ яхури, сэкІэ зэпаупщІ. Лэкъумыр сэхуран дагъэкІи тхъукІи бгъажьэ мэхъу.

Тхьэв зэпыгъэжар фІыуэ къэплъа дагъэм халъхьэри тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Лэкъумыр щабэу, пІэрэпІэщэжу щытын хуейщ. Шатэ, фо, шей щІыгъуу хуабэу яшх.

*Халъхьэхэр:* гуэдз хьэжыгъэу - г 700, шхууэ - г 400, джэдыкІэу - ныкъуэ, шыгъуу, содэу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз, зэрагъэжьэну дагъэу - зыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***



# КІэпхъ

Уэздыгъей мэзышхуэм махуэ псом щоІэуэлъауэ еш зымыщІэ кІэпхъхэр. Зэм ахэр зы къудамэм илъмэ, адрейм лъэурэ псей жыг лъагэхэм я щхьэкІэм нос. Зэм жыг лъэдийм кІэрыту щІым къожэхри дэ цІыкІу зэхуахьэс. Дэ цІыкІухэр жыг ку гъуанэхэм щагъэтІылъ.

Бжьыхьэм кІэпхъым и фэ гъуэплъыр джэдыгукІэ зэрехъуэкІ.

КІэпхъым и шырхэр жыглыц щабэ зэрылъ жыг ку гъуанэхэм щапІ. Гъуэ хуабэм ис шырхэм щІымахуэ щІыІэр зыуи зыхащІэркъым.

**МЭЛЕЙ ФатІимэ.**



# Жеймрэ фадэмрэ уапэщІэмыувэ

♦Уи напэр пщэжкІэ къулей ухъунукъым, ари ящэхуни ямыщэхуни.

♦ГъащІэм нэхъ егъэджакІуэшхуэ щыІэкъым, ди сабиигъуэ дыдэм щегъэжьауэ дыпсэуху дезыгъаджэр аращ.

♦ЗыхуэзэфІэмыкІым зыщІэбгъакъуэмэ, езыри зэ щІэгъэкъуэн къыпхуэхъужынщ.

♦Иджырей зэманым зи гупкІэ уисыр фІыуэ къыумыцІыхуауэ и уэрэдым удемыжьумэ нэхъыфІщ.

♦КІапсэ зыпычар гуанэ имыІэу пхуэзэпыщІэжынукъым.

♦Зи блэкІар къимызмыдзэм и къэкІуэнури щІагъуэкъым.

♦Жеймрэ фадэмрэ уапэщІэмыувэ, абыхэм пэлъэща щыІэкъым.

♦Благъэжьым и пащхьэм благъэщІэр щомыгъэпІий.

♦И чэзум умыщІа Іуэхур къыдэхыжыгъуейщ.

**КІУРАШЫН Алий.**

# Лъэпщ и ХьэпцІей кІуэкІэ

Лъэпщ и цІэу Алъхъохэ пщылІ гуэр яІэт.

- Пщэдей ХьэпцІей узгъэкІуэнущ, Лъэпщ! - жиІащ пщым.

«Пщэдджыжь сыщыкІуэнукІэ, ныжэбэ сыкІуэрэ сыкъэкІуэжмэ, щхьэ мыхъурэ!» - жиІэри Лъэпщ жэщым ХьэпцІей кІуэри къэкІуэжащ.

Пщэдджыжьым Лъэпщыр пщым къриджэу ХьэпцІей щІэкІуэнумкІэ унафэ щыхуищІым:

- Уэлэхьэ, зиусхьэн, а жыхуэпІэм ныжэбэ сыкІуэри сыкъэкІуэжамэ, - жиІащ Лъэпщ.

ПщІэншэрыкІуэу хьэулейм хужаІэ.

# Шху иризгъэпцІэнущ

Зэгуэрым Хъуэжэ гъавэхъуэж ежьэну зигъэхьэзырырти, къэп хурикъуртэкъым. И гъунэгъумкІэ ежэкІри елъэІуащ хьэхуу и къэпхэр къритыну.

- Уи къэпхэр махуищкІэ хьэхуу къызэпттэм, - щыжриІэм, и гъунэгъу лІым и нэщхъыр зэхэукІауэ къеупщІащ:

- Сыт къэпхэм ирипщІэнур? - жиІэри.

- Шху иризгъэпцІэнущ, - жриІащ абы Хъуэжэ.

- Къэпхэм шху ирибгъапцІэ хъурэ? - къыхуидакъым лІым.

- А къомыр къыумыгъэкІуэкІыу «уэстынукъым» жыпІэмэ, сыщІэкІыжати, - пидзыжащ Хъуэжэ.

# Утезмыдзэмэ, сызэгуоуд

Джылахъстэнейм и колхоз нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и унафэщІыр губгъуэм ихьауэ елъагъу: Іэхъуэр мэжейри удзыпцІэм хэлъщ, былымхэр гъавэм хыхьауэ Іисраф зэтращІэ. Тхьэмадэр лІы пІащэжьт, Іэчлъэчт, бэнэкІэ хуитымкІэ спортым и мастерт. Ар къэгубжьауэ Іэхъуэм бгъэдыхьащ, епхъуащ, и щхьэщыгум нэс иІэтри, жиІащ: «Сыт уэсщІэнур? Утызодзэри - узэгуоуд, утезмыдзэщи, сэ сызэгуэудынущ».

# Джэдыгури фочри дагъэкІуащ

Ельциным щихьэмтетыгъуэ, щхьэж лъэкІыр щызрилъэфалІэ зэманым Хьэмзэт мэл зыбгъупщІ зэригъэпэщат. Ар хыхьэхэкІ зиІэ, къуажэдэсхэр зыщышынэ гуэрт. Арати, Хьэмзэт къуажэбгъум щиІэ щІапІэм щиІыгъ мэлхэм ящыщу тІур зы жэщ гуэрым фІадыгъуащ. «Мэлхэр сызэрейр ящІэ хъунтэкъыми аращ, ахъумэ, уэлей, сэ къысщымышынэу къызэмыдыгъуэнІат», - жиІащ.

ЕтІуанэ жэщми аргуэру и зы мэл ягъэкІуасэ. «Уэлей, хэту щытми, а къызэуэсар хэзгъэбэгэнмэ», - жери, фочыр и плІэм иредзэ, дунейр тІэкІу щІыІэтыІэти, мыпІыщІэн щхьэкІэ джэдыгу къыздещтэ, пэлыщтоф ныкъуэфІ щІрегъэубыдэжри, чэтым пэгъунэгъуу щищІа гуэщым щІэт гъуэлъыпІэм йогъуалъхьэ. Жэщыбг пщІондэ жеякъым - зэщІэдэІукІыу хэлъащ. Нэхущым къызэщыумэ, и мэл къэнэжари мэхь-мэхь, и джэдыгури, и фочри - бгъуэтмэ къащтэ.

**САУТ СулътІан.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщ къуажэ. **4**. МэкъумэшыщІэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **8**. Данэ щэкІ пІащІэ. **9**. Ди ныбжьэгъум ... ищІри и унэ дригъэблэгъащ. **10**. ТхъуцІынэ щІэпхумэ къанэ псыр. **12**. Уэрэдыжь къизышым къыдэзыІыгъ гуп. **15**. Бжьыхьэм зи щхьэкІэм сэмб къыпищІэ къэкІыгъэ, и жылэхэр фІыцІэ цІыкІуу: хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп, афияни къыхах. **17**. Ди лъэпкъэгъу, Мэзкуу къалэм и футбол командэ «Локомотив»-м и тренер нэхъыщхьэ. **19**. Нэхъ пасэм гуэгуэн, лъэгъуп хуэдэхэр абы къыхащІыкІырт. **21**. ЩІыналъэ пхыдза. **22**. Адыгейм щыщ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ ... Тэмарэ.

***Къехыу:*** **2**. Школым щадж предмет нэхъыщхьэхэм ар хабжэ. **3**. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и нэхъыщхьэ. **5**. Танкист хахуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **6**. 1972 гъэм дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм лъакъуэрыгъажэмкІэ дыщэ медаль къыщызыхьа ди лъэпкъэгъу. **7**. Еджагъэшхуэ, критик, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щыІэ институтым и лэжьакІуэ. **11**. Выр гум щыщІащІэкІэ и пщэм тралъхьэ пхъэ. **13**. «Уэ зым си нэр птедиями, ... щІалэхэмкІэ усфІоплъэкІ» - ДыщэкІ Залымхъан и уэрэд цІэрыІуэм, Тут Заур игъэзащІэм, щыщщ. **14**. Мэлыр ... хъуауэ пщІантІэм и кІуэцІыр къызэхежыхь. **16**. ..., езэш имыщІэу щІалэр и ІэнатІэм Іутщ. **18**. Пщэ гъум. **20**. Бын.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

**Мэкъуауэгъуэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Брат. **3**. Ибэ. **5**. Къудащ. **10**. ЕкІэпцІэ. **11**. Іэлъхьэм. **13**. ХъумпІэцІэдж. **14**. Сосналы. **21**. Нартан. **22**. Къунажын. **24**. Тхьэм. **25**. Боз. **26**. Щхьэл.

***Къехыу:*** **1**. Бжей. **2**. Анэл. **4**. Бо. **6**. Духьэ. **7**. Щимэ. **8**. ПцІым. **9**. Хьэхуэ. **12**. Лэгъунэ. **15**. Оман. **16**. Ленэ. **17**. Инат. **18**. Аркъэ. **19**. Бжыхь. **20**. Инал. **23**. Гъуо.

● Егъэджэныгъэ ● Зэпеуэхэр ●

# Зи псэ хуабагъэмкIэ щIэблэм ядэгуашэхэр

**Мы гъэм епщыкIуиянэу ди къэралым щокIуэкI сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн езыт егъэджакIуэхэм я зэпеуэ. «Си гур сабийхэм язот» фIэщыгъэр зиIэ а зэхьэзэхуэр Урысей Федерацэм къыщызэгъэпэщыныр 2004 гъэм къыхалъхьауэ щытащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ егъэджэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзымрэ.**



ЗЭПЕУЭМ и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ныбжьыщIэхэм программэм и лейуэ ядэлажьэ IэщIагъэлI нэхъыфIхэр утыку къишэныр, абыхэм ябгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытыр жылагъуэм хэIущIыIу щыщIыныр, я Iэзагъым адэкIи хагъэхъуэн папщIэ творческэ Iэмал псори етыныр, егъэджакIуэ IэщIагъэм пэрыт псоми я пщIэр нэхъри къэIэтыныр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а псори зыхуэунэтIыжар зыщ: зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэблэ зэчиифIэ къэралым къигъэтэджэнырщ.

Хабзэ хъуауэ, зэпеуэр йокIуэкI, Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ. Ди республикэм мы махуэхэм къыщызэрагъэпэщащ зэхьэзэхуэм и щIыналъэпсо Iыхьэр. «ДыгъафIэ къалэм», ТворчествэмкIэ сабий академием, щрагъэкIуэкIа а зэхыхьэ хьэлэмэтым хэтащ КъБР-м щылажьэ еджапIэхэу ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэтхэм къикIа IэщIагъэлI 28-рэ. Ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ, Iуэху зехьэкIэ мардэ пэрытхэмкIэ зэпеуащ егъэджакIуэхэр, дэтхэнэми лэжьыгъэм щIэ гуэр зэрыхилъхьэфыр наIуэ къыпщащIу.

Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абы мы гъэм япэу къыхыхьащ унэтIыныгъэщIэхэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Естественнэ щIэныгъэхэр», «Утыкум япэу къохьэ» Iыхьэхэр. АбыхэмкIи блэкIа илъэсхэм щыIа унэтIыныгъэхэмкIи егъэджакIуэхэм ягъэхьэзыра лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупыр. Абы хагъэхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр, методист IэкIуэлъакIуэхэр.

Утыку екIуу итынымкIэ, лэжьыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэр наIуэ къэщIынымкIэ, Iуэху хэхам хуаIэ педагогикэ бгъэдыхьэкIэмкIэ, дерс зэIухахэр егъэкIуэкIынымкIэ, упщIэ-жэуап кIэщIхэмкIэ зэпеуэм жыджэру хэтынымкIэ зэхьэзэхуащ егъэджакIуэхэр. ЕкIуэкIа лэжьыгъэ псоми гупсэхуу кIэлъыплъа къэпщытакIуэхэм утыку къихьа IэщIагъэлIхэм къыхахащ фIым я фIыжу къалъыта егъэджакIуи 6, зыхэта унэтIыныгъэ елъытауэ. Зэпеуэм и социально-гуманитар унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ Азаматовэ Танзиля («ДыгъафIэ къалэ» творчествэмкIэ сабий академие), техникэ унэтIыныгъэмкIэ адрейхэм къахэщащ Гъыдзэ Раметэ (Малкэ къуажэм дэт курыт школ №3-м и «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» центр), физкультурэмрэ спортымкIэ унэтIыныгъэм щытекIуащ Къазий Михаил (Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэ), естественнэ щIэныгъэхэмкIэ унэтIыныгъэм къыхэжаныкIащ Даур Заирэ (Бахъсэн районым Сабий творчествэмкIэ и центр), художественнэ унэтIыныгъэмкIэ нэхъыфIу къалъытащ Кулагинэ Нинэ (Тэрч районым Сабий творчествэмкIэ и центр), япэу утыку къихьахэм къахэбелджылыкIащ Ульбашев Махьмуд (Тырныауз къалэм Совет Союзым и ЛIыхъужь Кузнецов Василий и цIэр зэрихьэу дэт курыт школ №6).

ФIым я фIыжу къалъыта а егъэджакIуихыр ягъэлъагъуэ «Си гур сабийхэм язот» къэралпсо зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм хэтыну. ЦIыху 90 зыхэтыну, унэтIыныгъи 9-кIэ зэщхьэщыхауэ екIуэкIыну а зэхьэзэхуэр 2022 гъэм и фокIадэ мазэм Красноярск къалэм къыщызэрагъэпэщынущ. ЩIэблэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтынымкIэ зи цIэр фIыкIэ Iуа ди егъэджакIуэхэм дохъуэхъу урысейпсо утыкум екIуу зыкъыщагъэлъэгъуэну, абы щекIуэкIыну зэпеуэхэми ехъулIэныгъэфIхэр къыщахьу ди республикэм и щIыхьыр къэралым лъагэу щаIэтыну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Дагъыстэныр иджы къапоплъэ

**«Кизиловкэ» сабий зыгъэпсэхупIэ лагерым щекIуэкIащ сабийхэмрэ еджапIэхэм щIэс щIалэгъуалэмрэ я республикэпсо зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Шынагъуэншагъэм и школ» урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и программэм ипкъ иткIэ.**

ЗЭПЕУЭХЭМ хэтащ республикэм щIэныгъэ курыт щрагъэгъуэт школхэм щеджэ зи ныбжьыр илъэс 13 - 16 ит сабийхэр. Ахэр зэхьэзэхуащ лъэпощхьэпохэр къызэнэкIынымкIэ, мафIэсгъэункIыфI, къару эстафетэ зэхэтхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ.

Зэпэщ[I]этыныгъэ гуащIэхэм сабийхэм къыщагъэлъэгъуащ щIыпIэ уздэщыIэр зэхэгъэкIынымкIэ, шатыр гъэувынымкIэ, альпинист Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ бгылъэ щIыпIэхэм дэкIынымкIэ, лъэпощхьэпо IэрыщIхэр къызэнэкIынымкIэ я зэфIэкIхэр.



Республикэпсо зэпеуэм и Iыхьэ псоми нэхъыфIу блэкIауэ къалъытащ Тэрч районым хыхьэ Новая Балкария къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м и «Къаплъэн» командэр. Абы хагъэхьахэм къагъэлъэгъуащ зыгъэхьэзырыныгъэфI зэрабгъэдэлъыр, гупым къыхуагъэува къалэныр Iэзэу икIи псынщIэу зэрагъэзэщIэфыр.

Новая Балкария къуажэм дэт школым и гупыр иджы еплIанэу щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм щытокIуэ, 2018 гъэ лъандэрэ зыри япэ иримыгъэщу. Командэм и унафэщIщ географиемкIэ егъэджакIуэ, гурэ псэкIэ и Iуэхум бгъэдыхьэ Беппаев Хьэрун.

Зэпеуэм щытекIуа гупым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр щихъумэнущ Дагъыстэным щекIуэкIыну Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэм. Шэч къытетхьэркъым Джылахъстэнейм и «Къаплъэнхэр» абы екIуу зэрыхэтынум.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**




# Дэрэжэгъуэ къуитрэ узыIэпишэу

**Грознэ къалэм щекIуэкIащ Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм IэпщэрыбанэмкIэ я чемпионат.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэхуишэсат Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и спортсмен нэхъ лъэщхэу 50-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтащ Жапуев Альберд, Къаншокъуэ Роберт, Нэзэр Ахъед, Нэзэр Залым, Тхьэкъуахъуэ Ильяс, Темыркъан Астемыр, Къушхьэ Ельдар, Аюб Залым, Шурдым Амир сымэ.

Iэпщэрыбанэ бэнэкIэм и хабзэхэм къызэрагъэувым тету, зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ олимп зэхьэзэхуэхэм я жыпхъэмкIэ спортсменыр хагъэкIыу.

Дэрэжэгъуэ къуитрэ узыIэпишэу екIуэкIащ чемпионатыр. Дэтхэнэ бэнакIуэми текIуэныгъэм хуэпабгъэу, сыт и лъэныкъуэкIи ерыщу икIи екIуу зыкъигъэлъэгъуащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ, япэ увыпIэхэр яубыдащ ди бэнакIуэ лъэщхэу Жапуев Альберд, Тхьэкъуахъуэ Ильяс, Аюб Астемыр сымэ. Къаншокъуэ Роберт ещанэ увыпIэр къылъысащ.

Чемпионатым къэрикIуахэмкIэ етIуанэ увыпIэр къихьащ КъБР-м и гупым, дыщэ медали 4-рэ зы жэз медалрэ зыIэрагъэхьэри.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ иратащ дипломхэр, медалхэмрэ кубокхэмрэ.

Спорт зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIащ узыншагъэр хъумэн зэрыхуейр яхэпщэн, физкультурэм нэхъыбэ дегъэхьэхын мурадкIэ.

ЕкIуу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм щIалэхэм дрогушхуэ! Дэ абыхэм дохъуэхъу спортымкIэ ехъулIэныгъэ екIухэр дяпэкIи зыIэрагъэхьэну!

**БЕР Къантемыр.**

***Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 15-рщ.***


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №1188